

PWOJÈ PWOPOZISYON YO: PWOGRAM SIBVANSYON SIPÒ ENTÈVENAN

I. ENTWODIKSYON

Nan mwa novanm 2024, Massachusetts te adopte *"Yon Lwa ki Ankouraje yon Rezo Enèji Pwòp, fè Pwogrese Ekite, ak Pwoteje Kontribyab yo"*¹ ("Lwa 2024 sou Klima a"). Lejislasyon an te etabli Divizyon Patisipasyon Piblik la ("Divizyon" oswa "DPP") nan Depatman Sèvis Piblik yo ("DPU") epi li te chaje l pou ede moun, gouvènman lokal yo, òganizasyon kominotè yo, ak lòt antite k ap patisipe nan pwosedi DPU ak Siting Board Enstalasyon Enèjetik yo ("EFSB"). Lwa 2024 sou Klima a te etabli tou DPU a ak Fon Sipò Entèvenan EFSB a ("Fon"). Fon an fèt pou bay asistans finansye a òganizasyon ki elijib yo, gwoup kominotè yo, ak sèten antite gouvènmantal ki pa kapab patisipe nan pwosedi devan DPU ak EFSB akòz difikilte finansye oswa mank ekspètiz teknik. Objektif Pwogram Sibvansyon Sipò pou Entèvenan yo ("Pwogram") se sipòte bon jan patisipasyon nan priz desizyon ki gen rapò ak enèji epi asire yo konsidere divès pèspektiv pandan n ap fè tranzisyon nan yon avni enèji ki pi ekitab ak pi pwòp.

Pwojè Pwopozisyon sa a dekri Pwogram yo pwopoze a ki gen ladan pwosesis aplikasyon an, kritè kalifikasyon, nivo finansman, ak kijan ak kilè finansman yo pral debouse.

II. KONTEKS POU PWOJÈ PWOPOZIZYON AN

A. Objektif Pwogram Sibvansyon Sipò pou Entèvenan an

Tradisyonèlman, sèvis piblik ak lòt entèvenan ki gen ase resous finansye ak / oswa ekspètiz teknik te kapab entèvni epi patisipe konplètman nan pwosedi yo nan anboche avoka ak konsiltan pou ankouraje enterè yo. Gwoup kominotè yo, gwoup lokal ki pa òganize yo, ak minisipalite ki pi piti yo souvan manke resous ak konesans pwosedi pou byen angaje yo nan pwosedi a. Pwogram nan pral adrese bezwen sa a ki poko satisfè. Pwogram nan pral pèmèt benefisyè yo kouvri frè pou avoka, temwen ekspè, konsiltan, ak ekspè nan kominote a, ak lòt depans pou pèmèt patisipasyon siyifikatif nan pwosedi DPU ak EFSB. Finansman pwogram nan pral pèmèt yo konsidere divès vwa ak opinyon pandan pwosesis priz desizyon DPU ak EFSB. Pati sansibilizasyon Pwogram nan pral sipòte devlopman resous edikatif pou enfòmè entèvenan yo epi ankouraje pi gwo patisipasyon nan pwosedi yo.

B. Wòl Divizyon Patisipasyon Piblik la

Lwa 2024 sou Klima a anchaje Divizyon an pou ede piblik la patisipe nan pwosedi DPU oswa EFSB. Pou sa ki gen rapò ak DPU, Divizyon an pral bay konsèy sou fason pou satisfè egzijans depo yo, idantifye opòtinite pou bay kòmantè ak fè entèvansyon, epi fasilite dyalòg ant pati yo ki nan pwosedi yo. Konsènan enplantasyon ak otorizasyon ki nan konpetans EFSB, Divizyon an pral ede moun yo, gouvènman lokal yo, òganizasyon kominotè yo, aplikan pwojè yo, ak lòt antite nan fason pou satisfè egzijans konsiltasyon ak angajman anvan depo, klarifye egzijans depo yo, idantifye opòtinite pou entèvni, fasilite dyalòg ant entèvenan yo, epi ede

¹ St. 2024, c. 239.

konwòdone avèk lòt ofisyèl etatik, rejyonal, ak lokal yo, tankou biwo jistis anviwònmantal ak ekite ("OEJE") nan Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman ("EEA").²

Lwa 2024 sou Klima a anchaje Direktè DPP a ("Direktè") pou deside sou demann sipò finansman entèvenan yo epi administre tout aspè Pwogram nan. Divizyon an pral jere aplikasyon pou sibvansyon, detèmine alokasyon finansman, mennen aksyon sansibilizasyon Pwogram nan, epi kenbe yon paj wèb ak yon rezime benefisyè sibvansyon yo ak montan sibvansyon yo. Seksyon 133 Lwa 2024 sou Klima a egzije DPU ak EFSB, an konsiltasyon avèk OEJE ak Biwo Pwokirè Jeneral la, pou pibliye règleman pou aplike Pwogram nan 1ye mas 2026 pou pita.

C. Pratik Entèvensyon Aktyèl pou Pwosedir DPU ak EFSB

Kounye a, pifò rekèt pou entèvni nan pwosedir DPU yo soti nan antite ki gen enterè enpòtan ak eksperyans, tankou sèvis piblik yo, Biwo Pwokirè Jeneral la, ak Depatman Resous Enèjetik yo. Pou pwosedir EFSB yo, entèvenan yo gen ladan minisipalite yo, gwoup kominotè yo, ak vwazen endividyèl yo. Patisipe nan pwosedir sa yo souvan mande resous sibstansyèl, tankou ekspètiz legal ak teknik ki koute anpil lajan. Lè resous sa yo bezwen anpeche patisipasyon siyifikatif pi piti entèvenan yo, Pwogram nan vize pou pèmèt antite elijib ki ka gen plis enpak sou desizyon yo pou angaje yo nan yon fason siyifikatif nan pwosesis priz desizyon an.

Règleman ki egziste deja yo tabli pwosedir pou moun oswa antite yo entèvni nan pwosedir devan DPU oswa EFSB. Pou entèvni, antite yo dwe depoze yon demann pou entèvni nan delè ki presize nan avi pwosedir a, etabli fason yo ka afekte konsiderableman ak espesyalman pa yon pwosedir, epi dekri nati prèv yo gen entansyon prezante yo.^{3,4} Desizyon pou aksepte oswa refize yon demann pou entèvni nan pwosedir DPU yo pran pa Komisyon an oswa ofisye odyans lan ki sipèvize pwosedir a. Nan pwosedir devan EFSB, ofisye k ap prezide a pran desizyon final la sou entèvensyon an.

Yon entèvenan⁵ se yon pati fòmèl nan yon pwosedir ki gen dwa pou prezante prèv, entèwoje temwen yo, epi konteste desizyon yo. Yon antite ka patisipe yon fason ki pi enfòmèl nan ofri kòmantè nan odyans piblik yo oswa atelye teknik yo, ak nan depoze deklarasyon ekri; patisipan limite sa yo ka bay kontribisyon san yo pa gen kalite jiridik oswa rekou avèk entèvenan

² Lwa 2024 sou Klima a, nan Seksyon 10 la, prevwa Direktè a ak anplwaye Divizyon an pa dwe patisipe kòm anplwaye jiridiksyonèl, ni gen okenn opinyon oswa komunikasyon avèk anplwaye jiridiksyonèl oswa desizyonèl yo, nan zafè ki devan Depatman an oswa nan revizyon aplikasyon yo soumèt bay EFSB, ni yo pa dwe sèvi kòm konseye jiridik pou oswa otreman reprezante okenn pati devan Depatman an oswa EFSB.

³ 220 CMR 1.03

⁴ 980 CMR 1.05

⁵ Yon entèvenan gen yon patisipasyon pi laj epi li ka bay demann enfòmasyon epi resevwa repons; prezante temwayaj alekri ak temwen; kont-entèwoje temwen yo; depoze yon memwa; epi fè apèl kont yon òdonans oswa yon desizyon final.

Pwogram nan sèlman pèmèt sèten entèvenan jwenn aksè a finansman sibvansyon; patisipan enfòmèl limite yo pa elijib pou finansman sibvansyon.

D. Resous kle yo konsilte nan kad preparasyon pwopozisyon Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan an

Anplis Lwa 2024 sou Klima a, anplwaye yo te konsilte sous sa yo pou pwojè pwopozisyon sa a:

- Pwogram konpansasyon entèvenan yo ki aplike pa komisyon sèvis piblik leta nan New York, Connecticut, Michigan, Oregon, Maine, Wisconsin, Idaho, ak California
- Rapò Asosyasyon Nasyonal Komisè Sèvis Regilasyon yo ("NARUC"), Desanm 2021, sou [Apwòch Eta a pou Konpansasyon Entèvenan yo](#)
- [Twò Afekte & Yo tandè l Raman](#): Enkòpore Vwa Kominotè nan Pwosesis Regilasyon Enèji Massachusetts, Rapò Biwo Pwokirè Jeneral la, Me 2023

III. DISKISYON SOU KONPOZAN KLE PWOJÈ PWOPOZISYON ANPLWAYE YO

Lwa 2024 sou Klima a eklere anpil eleman nan pwojè pwopozisyon sa a, ki gen ladan seksyon sa yo:

- A. Mekanis finansman ak otorite evalyasyon pou Fon Sipò Entèvensyon an
- B. Kalifikasyon pou finansman sibvansyon
- C. Tan aplikasyon sibvansyon yo ak desizyon yo
- D. Montan finansman yo bay
- E. Itilizasyon ki elijib epi ki pa elijib nan fon sibvansyon yo
- F. Fòm Aplikasyon pou Sibvansyon
- G. Demann peman sibvansyon ak egzijans konfòmite
- H. Efò sansibilizasyon ak Swivi Mezi yo nan kad Pwogram Sibvansyon Sipò pou Entèvenan yo
- I. Revizyon Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan yo

A. Mekanis finansman ak otorite evalyasyon pou Fon Sipò Entèvenan yo

Seksyon 10 Lwa 2024 sou Klima a etabli Fon Sipò Entèvenan an epi⁶ pèmèt yo kredite apwopriyasyon yo nan Fon an. Anplis de sa, Seksyon 10 la prevwa frè aplikasyon EFSB yo pral

⁶ Apwopriyasyon ki depoze nan Fon Sipò Entèvenan yo an ka gen ladan: apwopriyasyon oswa lòt lajan ki otorize oswa transfere pa tribinal jeneral la epi ki deziyen espesyalman pou yo kredite nan fon an; yon pòsyon nan evalyasyon anyèl yo kolekte nan men konpayi elektrik ak gaz ki nan jiridiksyon DPU a; yon pati nan frè aplikasyon pou konstriksyon enstalasyon elektrik oswa pwodiksyon ki detèmine pa DPU a; tout sous ki pa finanse pa kontribiyab la (don, sibvansyon, kontribisyon ak donasyon lajan ki soti nan divizyon gouvènman federal, eta a, oswa minisipalite yo, oswa nan men patikilye, fondasyon, elatriye); oswa revni ki sòti nan envestisman kantite lajan yo depoze nan fon an.

bay resous pou Fon Sipò Entèvenan an. Nenpòt balans ki pa itilize nan Fon an nan fen yon ane fiskal rete nan Fon an pou itilize nan ane fiskal ki vin apre yo. Seksyon 11 nan Lwa 2024 sou Klima a otorize Komisyon DPU a pou fè de evalyasyon⁷ sou konpayi elektrik ak gaz nan jiridiksyon DPU a, epi yon pòsyon nan chak kredite nan Fon an.

B. Kalifikasyon pou finansman sibvansyon

Seksyon 82 nan Lwa 2024 sou Klima a otorize DPU pou mete lajan disponib pou pati ki te resevwa estati entèvenan nan yon pwosedi DPU oswa EFSB.⁸ Tout pwosedi DPU ak EFSB yo kalifye pou konpansasyon entèvenan. Pati ki kalifye pou finansman yo enkli: (i) òganizasyon ak antite ki defann enterè souzansam enpòtan kliyan rezidansyèl yo ki defini jewografikman oswa sou baz yon enterè espesifik pataje; (ii) òganizasyon ak antite ki defann enterè popilasyon rezidansyèl ki gen revni fèb oswa modere, rezidan kominote istorikman majinalize oswa twò chaje ak defavorize yo; (iii) kò gouvènmantral, tankou ajans planifikasyon rejyonal yo, tribi ki rekonèt nan nivo federal, tribi ki rekonèt pa eta a; oswa (iv) yon gwoup moun ki ka afekte espesyalman ak konsiderableman pa yon pwosedi.⁹ Moun yo pa kalifye pou resevwa finansman sibvansyon.

Seksyon 82 Lwa 2024 sou Klima a etabli kritè kalifikasyon minimòm sa yo pou yon aplikan resevwa finansman: (i) mank resous finansye pou pèmèt aplikan an entèvni epi patisipe nan yon pwosedi nan absans yon sibvansyon; ak (ii) si aplikan an te deja entèvni nan yon pwosedi anvan etablisman Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan an oswa li te patisipe yon fason pi siyifikatif depi kreyasyon Pwogram lan. Minisipalite ki gen yon popilasyon mwens pase 7,500 k ap aplike pou yon sibvansyon pou pwosedi ki gen rapò ak yon etablisman (gwo

⁷ Premye evalyasyon an pa plis pase 0.1 pousan revni fonksyonman anndan leta a ki sòti nan lavant sèvis elektrik jan yo montre sa nan rapò anyèl chak konpayi elektrik nan jiridiksyon DPU a. Yon pati nan evalyasyon sa a pral kredite nan Fon an. Dezyèm lan se yon evalyasyon pwopòsyonèl kont chak konpayi elektrik ak gaz sou baz revni fonksyonman anndan eta a ki sòti nan lavant sèvis elektrik ak gaz jan yo montre l nan rapò anyèl chak konpayi elektrik ak gaz nan jiridiksyon DPU a. To evalyasyon an ta dwe sifi pou pwodui yon montan ki pa depase \$ 3,500,000 chak ane pou sipòte Pwogram nan. Chak konpayi dwe peye tou de montan ki evalye yo nan lespas 30 jou apre avi evalyasyon DPU a.

⁸ Nan yon pwosesis priz desizyon separe, swa Komisyon an swa Ofisye Odyans ki asiyen pou pwosedi DPU a oswa Prezidan ki asiyen pou pwosedi EFSB yo dwe bay estati entèvenan a benefisyè potansyèl la. Resevwa estati entèvenan se yon kondisyon preyalab anvan Divizyon an ka debouse lajan bay benefisyè yo ak aplikan ki te resevwa yon prim kondisyonèl.

⁹ Definisyon pati ki elijib yo (i), (ii), ak (iii) soti nan Seksyon 82 Lwa 2024 sou Klima a.

etablisman enfrastrikti enèji pwòp¹⁰ oswa ti etablisman enfrastrikti enèji pwòp¹¹⁾ nan limit li yo egzante de kritè kalifikasyon sa a. Kritè elijibilite adisyonèl anplwaye yo pwopoze yo enkli: (iii) kijan aplikan an pwopoze pou kontribye konsiderableman nan pwosedi a, tankou devlopman dosye a; (iv) si aplikan an pwopoze yon plan reyalizab, rezone, ak deklare byen klè pou patisipe nan pwosedi a; (v) si aplikan an reprezante yon pèspektiv inik ki pa reprezante adekwatman pa lòt pati nan pwosedi a; ak (vi) kantite lajan ak rasyonnalite lajan yo mande a ak eleman yo pwopoze nan bidjè a.

¹⁰ "Gwo enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp" deziyen enstalasyon dijèsyon anayewobi, enstalasyon solè, oswa ewolyen (van) ak estrikti oksilyè ki asosye avèk yon kapasite nominal 25 megawatt oswa plis; sistèm estokaj enèji ki gen yon kapasite ki evalye a 100 megawatt èdtan oswa plis; ak estrikti transmisyon ak distribisyon elektrik ak enfrastrikti oksilyè ki enplike nouvo liy transmisyon elektrik ki gen yon puisans nominal 69 kilovòl oswa plis ki gen 1 mayl longè oswa pi long nan yon nouvo koridò transmisyon elektrik ak yon puisans nominal 115 kilovòl oswa plis ki gen 10 mayl longè oswa pi long nan yon koridò ki deja egziste, "tout lòt enstalasyon transmisyon elektrik ki egzije egzansyon zònaj", epi "enstalasyon ki nesesè pou entèkonekte ewolyen lanmè ak rezo a," seksyon 57, Lwa 2024 sou Klima a.

¹¹ "Ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp" refere a dijèsyon anayewobik, enstalasyon solè, oswa ewolyen (van) ak estrikti oksilyè ki asosye avèk yon kapasite nominal ki mwens pase 25 megawatt; sistèm estokaj enèji ki gen yon kapasite nominal mwens pase 100 megawatt èdtan; ak estrikti transmisyon ak distribisyon elektrik ak enfrastrikti oksilyè ki enplike pwojè rekondiksyon oswa rekonstriksyon liy transmisyon elektrik, liy transmisyon elektrik nouvo oswa konsiderableman modifiye nan yon nouvo koridò transmisyon ki gen mwens pase 10 mayl longè, lòt enfrastrikti transmisyon elektrik ki pa egzije egzansyon zònaj, ak lòt pwojè nan nivo distribisyon elektrik ki atenn yon sèten limit ki detèmine pa Depatman Resous Enèjetik yo, Seksyon 23 Lwa 2024 sou Klima a.

C. Tan aplikasyon sibvansyon yo ak desizyon yo

Fòm aplikasyon pou sibvansyon yo ta ka soumèt bay Divizyon an yon fwa pwomotè pwojè a depoze avi anvan-depo a¹² epi pa pita pase dat limit pou entèvni nan yon pwosedi DPU oswa EFSB jan sa presize nan avi pwosedi a. Lè sa a, Divizyon an ta revize aplikasyon sibvansyon an pou wè si li konplè nan 14 jou ouvrab apre li resevwa l epi fè aplikan an konnen pa imel si gen mank. Aplikan an ap gen jiska fen peryòd aplikasyon sibvansyon an oswa nan dat ki endike nan imèl la pou korije tout erè oswa omisyon. Seksyon 82 Lwa 2024 sou Klima a otorize Direktè a fè konsesyon sibvansyon kondisyonèl bay aplikan sibvansyon yo depi yo pa bay sibvansyon an anvan yo akòde estati entèvenan an. Divizyon an ta bay yon detèminasyon alekri sou estati apwobasyon sibvansyon ak desizyon peman pou tout aplikan yo, tankou tout aplikan ki te resevwa yon sibvansyon kondisyonèl, nan lespas 30 jou apre dat limit la pou aplike pou finansman entèvenan an.

D. Montan finansman yo bay

Seksyon 82 Lwa 2024 sou Klima a deklare sibvansyon pou yon sèl pwosedi DPU oswa EFSB pa ta dwe depase \$ 150,000 pou chak pati, epi \$ 500,000 nan finansman sibvansyon total pou pwosedi a. Direktè a gen diskresyon pou ogmante alafwa kantite lajan yo bay yon benefisyè ak kantite total yo bay pou yon sèl pwosedi DPU oswa EFSB ki depase maksimòm sa yo si yon benefisyèa montre yon rezon valab oswa si gen pwoblèm nouvo, inabityèl, oswa konplèks¹³ ki parèt nan yon pwosedi depi yo te soumèt aplikasyon sibvansyon an. Seksyon 82 a otorize Direktè a tou pou l anvizaje posiblite pou entèvenan yo resevwa finansman pou pataje depans atravè kolaborasyon lè yo pozisyon yo an anmoni.

E. Itilizasyon ki elijib ak itilizasyon ki pa elijib fon sibvansyon yo

Seksyon 82 Lwa 2024 sou Klima a defini itilizasyon sibvansyon ki elijib nan Fon an. Fon yo ka itilize pou angaje konsèye jiridik ki kalifye, ekspè tankou ekspè kominotè ki kalifye (egzanp, kontribyab rezidansyèl ak rezidan ki gen eksperyans yo viv), ak konsiltan pou ede nan

¹² Pou pwosedi EFSB yo, dapre pwojè pwopozisyon an sou egzijans yo nan zafè angajman ak konsiltasyon anvan-depo, pou gwo enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo, pwomotè yo ta dwe soumèt yon avi anvan- depo pa mwens pase 90 jou epi pa plis pase 120 jou anvan yo soumèt aplikasyon an nan EFSB. Pou ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo, pwomotè a ta soumèt avi anvan-depo a pa mwens pase 90 jou anvan li depoze aplikasyon an bò kote EFSB.

¹³ Sikonstans potansyèl yo ka gen ladan pwosedi ki etale yo sou plizyè ane, pwosedi ki adrese plizyè pwoblèm oswa ki gen plizyè volè, yon chanjman konsiderab ki ka egzije lòt temwen ekspè, oswa lè yo idantifye nouvo pwoblèm ki pa dekri nan yon rekèt inisyal.

patisipasyon nan pwosedi a.¹⁴ Jiska dis pousan 15 fon sibvansyon yo bay benefisyè a ka itilize nan depans administratif ki pa jiridik, ki pa gen rapò ak ekspètiz, ak konsiltasyon ki asosye avèk patisipasyon an. Itilizasyon ki pa elijib nan finansman sibvansyon yo gen ladan achte oswa lwe ekipman, lòbi politik ki gen rapò ak pwojè a, depans piblisite oswa maketing pou pibliye opinyon aplikan an sou pwosedi a, ak depans pou fè apèl kont desizyon final DPU oswa EFSB nan yon pwosedi.

F. Fòm aplikasyon pou sibvansyon

Seksyon 82 Lwa 2024 sou Klima a egzije aplikan an ranpli yon fòm aplikasyon sibvansyon. Egzijans yo pwopoze nan fòm aplikasyon sibvansyon an se: (i) yon deklarasyon ki dekri dimansyon ak limit patisipasyon ki prevwa pou aplikan an nan yon pwosedi ki dekri kijan lajan yo pral itilize ak kijan aplikan an prevwa bay yon kontribisyon siyifikatif nan pwosedi a; (ii) yon estimasyon detaye sou depans ak onorè avoka, konsiltan, ak ekspè ki prevwa (tankou ekspè kominotè) ak tout lòt depans ki gen rapò ak preparasyon pou patisipasyon nan pwosedi a; (iii) enfòmasyon jeneral sou avoka, konsiltan, ekspè (tankou ekspè kominotè) aplikan an prevwa angaje ak sèvis yo chak pral bay; (iv) yon deklarasyon ki dekri pozisyon ak nati enterè aplikan an reprezante yo, ak yon rezime kesyon ak enkyetid ki te soulve pandan reyinyon angajman anvan depo yo, si sa aplikab; (v) kantite lajan li t ap chache; (vi) yon deskripsyon tou kout òganizasyon k ap chèche sibvansyon an, nati travay òganizasyon an, ak yon ekspoze pou demontre patisipasyon nan pwosedi a pral yon gwo difikilte finansye¹⁶; epi (vii) nimewo dosye a (yo) ak tit ka a (yo) nan pwosedi DPU ak EFSB aplikan an te patisipe nan yo oparavan, alafwa anvan ak depi etablisman fon sipò entèvenan an, ansanm ak deskripsyon patisipasyon nan chak. Yon gwoup moun ki pa enkòpore k ap aplike pou yon sibvansyon ap bezwen tou soumèt (viii) yon oto-atestasyon ki gen ladan non ak adrès tout moun nan gwoup la k ap mande finansman, kantite volontè adisyonèl oswa sipòtè si sa aplikab, ak yon ekspoze pou demontre nivo difikilte finansye yo.

G. Demann peman sibvansyon ak egzijans konfòmite

Seksyon 82 Lwa 2024 sou Klima a egzije pou tout peman benefisyè yo fèt nan Fon an sou prezantasyon yon demann peman sibvansyon pa benefisyè a. Benefisyè yo ka soumèt yon demann peman sibvansyon davans anvan depans yo fèt lè yo montre difikilte finansye oswa mande ranbousman depans yo plizyè fwa pandan yon pwosedi oframezi depans yo ap fèt.

¹⁴ Patisipasyon benefisyè a dwe nan kad pwosedi espesifik la.

¹⁵ Direktè a ka deside tou pou ogmante kantite lajan sibvansyon ki afekte a depans administratif ki depase dis pousan yo.

¹⁶ Ekspoze a ta dwe gen ladan, si sa aplikab, kantite anplwaye yo, bidjè total ane fiskal aktyèl la, kantite mwa rezèv fonksyonman ki disponib, fon ki pa afekte oswa sibvansyon ki ka disponib pou entèvansyon, ak Fòm 990 nan ka yon òganizasyon ki pa pou pwofi ki gen estati egzanpsyon taks federal.

Demann peman sibvansyon an pral gen ladan enfòmasyon debaz sou benefisyè a (egzanp, non, adrès, detay kontak), nimewo dosye pwosedi a ak tit ka a, ak kantite sibvansyon yo bay la, ak lajan sibvansyon yo resevwa jiska prezan. Pou ranbousman, demann peman yo pral gen ladan tou lis detay sou lajan yo depanse ak aktivite ki fèt ak lajan, resi, ak yon atestasyon ki di enfòmasyon yo soumèt yo se verite. Demann peman davans yo pral gen ladan yon lis detay sou depans yo planifye ak yon deskripsyon tou kout ak fakti yo. Peman sibvansyon yo pral inisye nan lespas 30 jou apre yo fin resevwa demann pou peman sibvansyon yo bay benefisyè a oswa yon antite benefisyè a deziyen.

Seksyon 82 Lwa 2024 sou Klima a egzije pou nan 30 jou apre finalizasyon pwosedi konsène a, chak benefisyè dwe soumèt yon rapò detaye itilizasyon lajan pandan pwosedi a, kontribisyon sibstansyèl benefisyè a nan pwosedi a, ak yon demonstrasyon patisipasyon yo ak itilizasyon finansman an pa t retade pwosedi a.

H. Efò sansibilizasyon ak Swivi Mezi yo nan kad Pwogram Sibvansyon Sipò pou Entèvenan an

Seksyon 82 Lwa 2024 sou Klima a egzije pou Direktè a devlope ak fè bon jan kontak vityèl ak an pèsòn konsènan Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvensyon an pou enfòm benefisyè potansyèl yo ak piblik la sou opòtinite finansman yo, epi pou devlope materyèl edikatif aksesib, plizyè-lang, ak langaj senp ki baze sou entènèt konsènan Pwogram nan, tankou fòm ak modèl yo. 82 a di tou ke anyèl DPU a dekri tout aktivite Fon an egzanp, lajan yo bay, kantite aplikan yo, ak enpak ak kontribisyon entèvenan yo nan pwosedi DPU ak EFSB yo.¹⁷ Yon fwa Pwogram nan aktif, Divizyon an pral kenbe ajou yon paj wèb ak yon rezime kantite aplikasyon sibvansyon yo te resevwa, pwosedi ki asosye yo, non benefisyè sibvansyon yo, ak montan sibvansyon an.

I. Revizyon Fon Sipò Entèvensyon an

Seksyon 136 Lwa 2024 sou Klima a egzije Direktè a revize Pwogram nan pa pita pase 1ye jen 2029, epi bay piblik la opòtinite pou fè kòmantè pou detèmine si Pwogram nan ak règleman ki koresponn yo ta dwe amande.

¹⁷ Endikatè Direktè a dwe swiv epi rapòte yo gen ladan yo: "(i) kantite lajan ki depoze nan fon an, kantite lajan ki depanse nan fon an ak tout balans ki pa depanse; (ii) yon rezime pwosesis aplikasyon pou fon sipò entèvenan an; (iii) kantite aplikasyon yo resevwa pou sibvansyon, kantite ak montan sibvansyon yo akòde, ak kantite aplikasyon pou sibvansyon yo refize; (iv) kantite entèvenan ki te patisipe nan pwosedi avèk ak san sipò ki soti nan fon an; (v) yon lis detaye depans ki fèt pa benefisyè yo ak peman ki fèt pou yo; (vi) yon evalyasyon enpak ak kontribisyon benefisyè yo nan pwosedi depatman an ak konsèy la; (vii) yon rezime aktivite edikasyon ak sansibilizasyon ki fèt pa divizyon patisipasyon piblik ki gen rapò ak pwogram sibvansyon sipò entèvenan yo; epi (viii) tout chanjman ki rekòmande nan pwogram nan."

IV. DEMANN POU KÒMANTE ENTÈVENAN

1. Ki kritè elijibilite adisyonèl yo ta dwe konsidere, si genyen, pou detèmine alokasyon finansman poubenefisyè potansyèl yo? Kijan istwa pase yon aplikan pou entèvni nan pwosedi yo ta dwe enflyanse elijibilite pou finansman atravè Pwogram nan?
2. Ki kritè yo ta dwe aplike pou detèmine si entèvenan yo ka pataje depans atravè kolaborasyon avèk lòt pati yo nan yon pwosedi pou ankouraje rantabilite ak minimize redondans?
3. Kilè yon entèvenan ki ki gen sipò fon an ta dwe kapab jwenn finansman ki depase limit finansman maksimòm \$ 150,000 pou yon pwosedi? Ki sikonstans ki ta ka kalifye kòm pwoblèm "nouvo, inabityèl, konplèks" ki ka jistifye finansman adisyonèl?
4. Èske gen lòt itilizasyon finansman ki pa elijib ki ta dwe konsidere?
5. Ki dokiman DPP ta dwe egziye pou aplikan yo soumèt pou demontre difikilte finansye?
6. Ki pi bon fason pou fè konnen yon finansman pou entèvenan pral disponib?
7. Ki resous enfòmasyon ki ta dwe disponib sou sit entènèt Divizyon an pou moun k ap aplike pou finansman entèvenan yo?
8. Èske ta dwe gen yon kantite lajan maksimòm sibvansyon an (egzanp, 75%) ki ka bay alavans pou moun ki gen difikilte finansye, oswa sa ta dwe detèmine sou yon baz ka-pa-ka?